



Advocates for Children
of New York
Protecting every child's right to learn

NYLPI
**JUSTICE THROUGH
COMMUNITY POWER**

News Release

For Immediate Release

Contact:

Isabella Rieke, *Communications Manager, Advocates for Children* • 646-871-6739 • irieke@afcnyc.org
Genevieve Friedman, *New York Lawyers for the Public Interest* • 973-634-5337 • gfriedman@groupgordon.com

Akò rezolisyon konfime dwa pou tradiksyon ak entèpretasyon pou paran elèv ki andikape nan lekòl vil New York

19 me 2020 (NEW YORK, NY) — Pou reponn a yon plent ke Defansè pou Timoun nan New York (Advocates for Children of New York (AFC)) te depoze ak Avoka New York pou enterè piblik (New York Lawyers for the Public Interest (NYLPI)), Depatman Edikasyon peyi Etazini, Biwo Sivil Dwa (Office of Civil Rights (OCR)) ak Depatman Edikasyon vil New York (NYC DOE) te antre nan yon akò rezolisyon volontè pou asire pwovizyon ak siveyans sèvis tradiksyon ak entèpretasyon pou paran elèv vil New York ki gen andikap ki pa pale anglè lakay yo. Akò a, ki te siyen an Desanm 2019, te vini sèt ane apre AFC ak NYLPI depoze premye plent lan avèk OCR konsènan sèvis NYC DOE ki pa t alawotè yo.

Akò rezolisyon an konfime dwa paran ki gen konpetans limite nan lang angle (Limited English Proficient (LEP)), dapre lwa sou dwa sivil lokal, eta ak federal, pou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki gen rapò ak sèvis edikasyon espesyal pitit yo a resevwa. Epi tou li rekonèt ke paran LEP gen dwa resevwa tradiksyon dokiman edikasyon espesyal - tankou Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Programs (IEPs)), Plan Seksyon 504 ak evalyasyon ki finanse pa NYC DOE - akò rezolisyon an enpòtan paske li deklare tou ke NYC DOE responsab pou enfòmasyon fanmi yo sou dwa yo genyen pou mande sèvis sa yo, fè swivi sou tradiksyon ak demann entèpretasyon, ak kreye yon sistèm santralize pou bay fanmi sa yo dokiman tradwi nan tout distri lekòl yo nan vil New York.

Pandemi COVID-19 la ranfòse nesèsite ki genyen pou yon sistèm santralize ak efikas pou bay epi fè swivi tradiksyon ak entèpretasyon bay paran elèv ki gen andikap nan lekòl leta nan vil New York. Pandan sèt semèn apre lekòl yo fèmen, gen fanmi LEP ak paran k ap aprann lang anglè (English Language Learners (ELLs)) ki toujou gen difikilte pou konekte pitit yo nan ansèyman adistans ak nan sèvis edikasyon espesyal yo. Anpil nan fanmi sa yo pa kapab kominike ak lekòl yo sòf si NYC DOE bay entèprèt ak materyèl tradwi.

Nan repons a plent AFC ak NYLPI a, NYC DOE te lanse yon pwojè nan 2018 pou tradiksyon santralize IEP yo, sou demand paran yo, nan twa nan distri lekòl vil la. Akò rezolisyon an deklare ke pwojè tradiksyon IEP sa a pral enfòmasyon kreyasyon yon sistèm santralize pou tout tradiksyon dokiman edikasyon espesyal. Pwojè pilòt tradiksyon IEP yo rete an vigè nan Distri 9 ak 24 ak nan edikasyon espesyal Distri 75.

« Akò a pa osi fò ke nou te espere, men li kòmanse avanse sistèm lekòl la nan bon direksyon an », te di Rita Rodriguez-Engberg, direktis Pwojè Dwa pou Etidyan Imigran nan AFC. « Li enpòtan pou paran yo konnen ke kounye a yo gen yon dwa nan tradiksyon dokiman edikasyon espesyal, epi yo ka fè demann lan nan lekòl endividyèl pitit yo. An vèti ke lekòl fèmen akòz COVID-19 ak wòl aktif paran yo ap jwe nan edikasyon adistans pitit yo, li pi enpòtan pase tout tan pou paran yo konprann IEP pitit yo ak bezwen edikasyon espesyal. »

« Nou rekonesan ke apre plizyè ane neglijans, NYE DOE te finalman angaje pou bay paran ki pa pale angle avantaj ak aksè nan tradiksyon dokiman ak entèpretasyon reyinyon ki nesèsè pou patisipe nan edikasyon pitit yo nan manyè ki sinyifikatif », te di Ruth Lowenkron, direktis pwogram jistis pou moun andikape nan NYLPI. « Nou pral siveye avèk atansyon akò a pou asire NYC DOE onore angajman li, sitou pandan pandemi COVID-19 la. »

Tout akò rezolisyon volontè an disponib isit [la](#).

Konsènan Defansè timoun yo nan New York (Advocates for Children of New York (AFC))

Depi 1971, Defansè timoun nan New York ap travay pou asire yon edikasyon kalite siperyè pou elèv New York ki fè fas a baryè nan siksè akademik, ki konsantre sou elèv ki soti nan yon milye revni fèb ki gen pi gwo risk pou echèk oswa diskriminasyon nan lekòl pou rezon sitiyasyon povrete, andikap, ras, etnisite, eta kòm imigran oswa lang anglè, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, eta sanzabri, oswa enplikasyon nan sistèm fanmi akèy la oswa sistèm jistis pou minè yo. AFC itilize kat estrateji entegre : konsèy gratis ak reprezantasyon legal pou fanmi elèv yo ; fòmasyon gratis ak atelye pou paran yo, kominote yo, edikatè yo ak lòt pwofesyonèl pou prepare yo pou defann enterè elèv yo ; defans politik yo pou fè chanjman nan sistèm edikasyon an ak amelyore rezilta edikasyon yo ; epi enpak litij pwoteje dwa a bon kalite edikasyon ak enpoze refòm ki nesèsè yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite www.advocatesforchildren.org.

Konsènan Avoka pou enterè piblik New York (New York Lawyers for the Public Interest (NYLPI))

Fonde depi plis pase 40 lane pa kèk avoka bawo a, òganizasyon Avoka pou enterè piblik nan New York la ap chèche egalite ak jistis pou tout nouyòkè yo. NYLPI ap travay pou gen yon New York kote tout moun ka pwogrese nan kominote yo, ak bon jan kalite swen sante ak lojman, travay ki an sekirite, bon lekòl, ak katye ki pwòp. Nan vizyon NYLPI a, tout nouyòkè yo dwe viv avèk diyite ak endepandans, ak resous yo bezwen pou yo reyisi. Apwòch kominote NYLPI a bay angajman li yo sou dwa sivil ak andikap, sante, imigran, epi jistis anviwònmanal. NYLPI ap lite pou chanjman dirab, òganizasyon kominotè, defans politik, sèvis pro bono, ak edikasyon. NYLPI gen yon long istwa nan batay pou nouyòkè yo ki gen andikap depi nan fondasyon li, pa egzanp nan lite pou yon sistèm edikasyon ekitab. NYLPI te jwenn epi genyen premye pwosè an vèti Lalwa sou ameriken ki gen andikap yo (Americans with Disabilities Act (ADA)) nan lane 1992, ki te pèmèt moun ki gen andikap jwenn aksè nan biwo obsèvasyon Empire State Building. Siksè resan yo enkli yon pwosè enpòtan ki bay rezilta amelyore aksè sèvis transpò yo pou moun ki gen andikap oubyen ki pa pale anpil angle. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite www.nylpi.org.